Ede Pitit ou reyisi lekòl
Bati bon jan abitid prezansyèl

ÈSKE OU TE KONNEN?

- Kòmanse depi nan lekòl preskolè ak matènèl, twòp jou absans ka koze timoun yo vin rete dèyè lekòl.
- Rate 10%, oubyen anviwon 2 jou chak chak mwa pandan ane eskolè a, ka fè li pi difisil pou aprann li.
- Elèv ka toujou rete dèyè menmsi yo sèlman rate youn a de jou chak de-twa semèn.
- Anreta lekòl ka mennen yon pèseverans ki fèb.
- Absans ak reta ka afekte tout klas la si pwofesè a oblije ralanti nan leson an pou ede timoun yo ratrape yo.

Ale lekòl chak jou ede timoun yo santi yo pi byen lekòl la — ak tèt yo tou. Kòmanse bati bon jan abitid depi nan lekòl matenèl pou yo ka kòmanse aprann touswit kòman ale lekòl alè chak jou enpòtan. Dayè yon prezans regilye ap yon bon kalite ki pwal ede yo reyisi nan klas segondè ak kolèj.

KISA OU KA FÈ

- Mete yon lè pou timoun nan al domi ak leve nan maten.
- Tou prepare rad li ak pare valiz lekòl nan lavèy.
- Kenbe pitit ou an sante epi asire w ke pitit ou gen vaksen nesesè yo.
- Entwodwi pitit ou bay pwofesè yo ak kamarad klas li yo avannlekòl la kòmanse.
- Devlope plan bakòp pou mennen l lekòl si ta gen yon pwoblèm ki rive. Rele yon fanmi, yon vwazen, oswa yon lòt paran.
- Eseye pran randevou medikal ki pa gen rapò ak epi gwo vwayaj lè pa gen lekòl.
- Si pitit ou a parèt enkyè pou li ale lekòl, pale ak pwofesè yo, konseye pedagojik yo, oswa lòt paran yo pou konsèy sou kòman ou kapab fè pitit ou santi li konfòtab ak kontan pou aprann.
- Si ou enkyete pou pitit ou ka gen yon maladi kontajye, rele lekòl ou oswa pwofesyonèl swen sante ou pou mande konsèy.
- Si pitit ou a oblije rete lakay li poutèt li malad, mande pwofesè a resous ak lide pou li ka kontinye aprann pandan li lakay li.

Kilè Absans Vini yon Pwoblèm?

ABSANS GRAV
18 oswa plis jou

SIY AVÈTISMAN
10 a 17 jou

SATISFEZAN
9 ausencias o menos

Nòt: Chif sa yo baze sou yon ane akademik ki gen 180 jou lekòl.

Revize nan mwa Jen 2024.

Vizite Attendance Works nan **www.attendanceworks.org** pou telechaje resous ak zouti gratis!